# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क सतवां अउर आखिरी फेरा बदे बिहने भिन्नहीं सात बजे से संझा छौ बजे ले ओट परी। एके ले के तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। आजु देर संझा ले सम्बन्धित लोकसभा क्षेत्र के सज्जो बूथ पर पोलिंग पारटी पहुंचि गइल हइनि। भिन्नहीं दसे बजे से जिला मुख्यालयन से पोलिंग पारटियन के रवाना कइल गइल। ओन्हें ईवीएम अउर वीवीपैट के सथहीं गरमी से बचाव खातिर जरूरी दवाइयो उपलब्ध करावल गइल। आखिरी फेरा में प्रदेस क जवने तेरह सीटिनि पर बिहने मतदान होखे के हौ ओहमें– महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज सामिल हवे। येह सज्जो लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र खातिर कुलि एक सौ चउवालीस ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवें। एहमें एक सौ चौंतीस पुरूस अउर दस महिला ओम्मेदवार सामिल हइनि। प्रदेस में आखिरी फेरा में सोनभद्र जिला के दुद्धी विधानसभा सीटि पर उपचुनावो होई।

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि सतवां फेरा क मतदान के सकुसल, निस्पक्ष अउर सान्ती के साथे पूरा करावे बदे आजु मतदेय स्थलन पर पोलिंग पारटी पहुंचि गइल हइनि। पोलिंग पारटियन के रवाना कइले से पहिले सज्जो मतदानकरमियन के हीट स्ट्रोक से बचावे अउर स्वास्थ्य के देखत मेडिकल किट उपलब्ध करावल गइल हौ। एकरे अलावा मतदान केन्द्रन अउर मतदेय स्थलन पर जरूरी सुविधा मुहइया करावे बदे निरदेस दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस में सतवां अउर आखिरी फेरा बदे बिहने होखे वाला मतदान के ले के आजु कई गो जिलन में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। निर्वाचन आयोगो के ओरि से लगतारे लोगिन के ओट देवे खातिर प्रेरित कइल जा रहल हौ। आयोग के पहल पर मसहूर क्रिकेटर सचिन तेंदुलकरो के ओरि से मतदाता लोगिन के मोबाइल पर वायस सनेसा के जरिया से ओट देवे क अपीलि कइल जा रहल हौ। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आखिरी फेरा के मतदाता लोगिन से बढ़ि–चढ़ि के ओट देवे क अपीलि कइले हवें। उहां के कहलीं कि भीसण गरमी के देखत बूथन पर छांह के सथहीं सुरक्षो क अउरियो इंतिजाम कइल गइल हौ। मतदाता अपने निजी गाड़ी चाहे आटो आ टेक्सियो से बूथ के दुइ सौ मीटर के लग्गे ले जा सके लें।

***लोगसभा समान्य निर्वाचन 2024 के 7 चरण में एक जून को उत्तर प्रदेश के 13 लोगसभा निर्वाचन क्षेत्रों मतदान होगा। इन क्षेत्रों के सभी मतदाताओं से अनुरोध है कि लोकतंत्र के इस पर्व में बढ़चढ़ कर हिस्सा ले और अपने मताधिकार का प्रयोग अवश्य करें।***

**********

निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनाव के आखिरी फेरा के मतदान से पहिले फइलि रहल अफवाहन के खारिज कइले हवे। आकाशवाणी समाचार से खास बातचीत में मुख्य निर्वान आयुक्त राजीव कुमार कहलें कि मतदान प्रतिसत बढ़ले से जुड़ल अफवाह देस भर में फइलि रहल हौ। येह दावन के खारिज करत श्री राजीव कुमार कहलें कि केहू मतदान प्रतिसत नाहीं बढ़ा सके ला काहें से कि ओम्मेदवारन अउर एजेंटन के फारम सतरह सी क प्रतिलिपि उपलब्ध करावल जाला, जेहमें मतदान प्रतिसत क रेकार्ड होला। ओट से छेड़छाड़ से जुड़ल अफवाहन पर श्री कुमार कहलें कि निर्वाचन आयोग मतदान प्रतिसत के आंकड़न अउर ईवीएम क सज्जो जनकारी अपने आधिकारिक वेबसाइट पर डारि दिहले हवे।

**********

सरकार सेवानिवृत्ति ग्रेच्युटी अउर मृत्यु ग्रेच्युटी क अधिकतम सीमा के बीस लाख रूपिया से बढा के पचीस लाख रूपिया कइ दिहले हवे। कार्मिक, लोक शिकायत अउर पेंशन मंत्रालय येह सम्बन्ध में आधिकारिक ज्ञापन जारी कइले हवे। एहमें कहल गइल हौ कि संसोधित सीमा एक जनौरी दुइ हजार चउबीस से लागू होई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के जिलन में प्रचंड गरमी क परकोप झेलि रहल लोगिन के काल्हि राति कुछु जगहिनि पर बुन्नी परले से ले के हल्लुकाहे बरखा भइले से राहति मिलल हौ। गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कई गो पूरबी जिलन में काल्हि संझा से ले के आजु भिन्नहीं ले तेज बेयारि चलले अउर कुछु जगहिनि पर हल्लुकाहे बरखा भइले क खबरि हौ। एहसे तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ। कौशाम्बियो में मौसम के बदलि गइले से लोगिन के भीसण गरमी से राहति मिलल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ दिन ले पूरबी उत्तर प्रदेस के सथहीं प्रदेस के कुछु जिलन में तेज बेयारि अउर गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखा भइले क ओम्मेद हौ। ओहर, काल्हि परल भीसण गरमी सज्जो पुरान रेकार्ड तूरि दिहलस। मौसम विभाग के हिसाबि से प्रदेस के झांसी में अधिकतम तापमान ओन्चास डिगिरी सेल्सियस पहुंचि गइले के बाद पछिला रेकार्ड टूटि गइल हौ। एहसे पहिले ओन्नइस सौ चौरासी में झांसी में अधिकतम तापमान अड़तालीस दसमलव दुइ डिगिरी सेल्सियस दरज कइल गइल रहे। येही तरियन प्रयागराज में काल्हि अधिकतम तापमान अड़तालीस दसमलव आठ डिगिरी सेल्सियस दरज कइल गइल।

**********